

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Sabada ngayakeun panalungtikan éfektivitas média *audio-visual* pikeun pangajaran ngadongéng di kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung, tétela yén média *audio-visual* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngadongéng. Sangkan leuwih jéntré dipedar ieu di handap.

- 1) Média *audio-visual* digunakeun pikeun ngukur kamampuh ngadongéng nu diterapkeun dina pratés jeung postés (salaku “perlakuan”) nu dilaksanakeun ka siswa. Prosés panalungtikanana ngagunakeun métode kuasi ékspérímén. Lian ti éta téknik ngolah data nu dipaké ngawengku uji sipat data (uji normalitas jeung uji homogénitas pikeun ngukur data normal-henteuna katut homogén-henteuna data pratés jeung postés), uji gain (ngukur bédá data hasil analisis pratés jeung postés nu hasilnya nguji ngaronjat-henteuna “perlakuan” sabada postés, jeung uji hipotésis (ngukur éfektif-henteuna “perlakuan” dina hasil panalungtikan)).
- 2) Panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 45 Bandung kelas VII J anu jumlah siswana nya éta 34 siswa. Dina lawungan kahiji dilaksanakeun pratés pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun média *audio-visual*. Lawungan kadua dilaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média *audio-visual* (postés) pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun “perlakuan”.
- 3) Kamampuh ngadongéng siswa kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung saméméh ngagunakeun média *audio-visual* hasilna katitén can nyugemakeun, lantaran masih kénéh loba siswa anu can mampuh dina ngadongéng. Tina 34 siswa, ngan aya 4 (11,5%) siswa anu geus mampuh dina ngadongéng, sedengkeun sésana 30 (88,5%) siswa can mampuh dina ngadongéng. Kamampuh siswa dina pratés bisa katitén tina skor rata-ratana nya éta 14,8.
- 4) Kamampuh ngadongéng siswa kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung sabada ngagunakeun média *audio-visual* hasilna katitén geus nyugemakeun, lantaran

béda jeung saméméhna. Tina 34 siswa katitén 27 (79,4%) siswa anu geus mampuh ngadongéng, sedengkeun 7 (20,6%) siswa sésana masih can mampuh ngadongéng. Kamampuh siswa dina postés bisa katitén tina skor rata-ratanya éta 20,1.

- 5) Aya béda signifikan antara kamampuh siswa dina ngadongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun média *audio-visual*, éta hal bisa katitén tina hasil uji hipotésis data pratés jeung postés anu nuduhkeun yén  $t_{itung} > t_{tabel}$  ( $14,72 > 2,46$ ). Ku kituna, bisa dicindekkeun ieu skripsi panalungtikan nu ngagunakeun média *audio-visual* éfektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng siswa kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung.

## 5.2 Rékoméndasi

Sanggeus diayakeun panalungtikan ngeunaan éfektivitas média *audio-visual* pikeun pangajaran ngadongéng, aya sababaraha rékoméndasi tina hasil ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) média *audio-visual* geus kabuki éfektif dina ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng, ku kituna média *audio-visual* bisa dimangpaatkeun pikeun pangajaran séjén;
- 2) rékoméndasi pikeun sakola SMP Negeri 45 Bandung, nya éta sangkan bisa ngaoptimalkeun deui fasilitas média nu geus aya di sakola. Fasilitas nu aya di sakola SMP Negeri 45 Bandung kaitung geus lengkep, tinggal ngamangpaatkeun sacara optimal jeung maksimal fasilitas nu aya saperti *infocus*, laboratorium, buku-buku, jeung média nu séjéna;
- 3) rékoméndasi pikeun guru basa Sunda SMP Negeri 45 Bandung nya éta sangkan bisa ngamangpaatkeun média nu geus aya jeung geus disadiakeun ku pihak sakola; jeung
- 4) dipiharep aya panalungtikan séjén ngeunaan éfektivitas média *audio-visual* dina matéri ngadongéng atawa matéri pangajaran lianna.